

**RUMPAKA TEMBANG SUNDA CIANJURAN  
(Ulukan Struktural Dinamik jeung Étnopédagogik)<sup>1)</sup>**

**Siti Maryam Maulida<sup>2)</sup>**

**ABSTRAK**

Ieu tésis judulna “Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran (Ulukan Struktural Dinamik jeung Étnopédagogik)”<sup>1)</sup>. Kasang tukang tina ieu panalungtikan nya éta (1) perlu diayakeunna révitalisasi atikan ngaliwatan kearifan budaya lokal, (2) Tembang Sunda Cianjuran salaku salah sahiji produk kearifan budaya lokal Cianjur dianggap éféktif pikeun dijadikeun sumber atikan (3), kualitas seni tembang éta sorangan anu boh sacara éstétis boh sacara filosofis mibanda ajén-inajén anu linuhung, (4) loba nonoman Sunda anu teu mikawanoh Tembang Sunda Cianjuran, jeung (5) robahna fungsi Tembang Sunda Cianjuran ti nu sipatna sakral jadi hiburan. Ieu panalungtikan miboga tujuan nu hayang dihontal nya éta pikeun ngadéskripsikeun (1) struktur rumpaka Tembang Sunda Cianjuran; (2)interpretasi eusi rumpaka Tembang Sunda Cianjuran; jeung (3) ajén étnopédagogik rumpaka Tembang Sunda Cianjuran. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta 30 rumpaka tembang anu dibeunangkeun ngaliwatan prosés studi pustaka, ngaregepkeun kasét jeung wawancara. Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode hermeneutik. Tina hasil panalungtikan bisa dicindekkeun yén (1) rumpaka Tembang Sunda Cianjuran diwangun ku rumpaka wangun pupuh jeung rumpaka wangun non pupuh. Imaji anu panglobana kapanggih nya éta imaji taktil. Téma anu aya dina rumpaka Tembang Sunda Cianjuran ngawengku cinta, agama, sajarah, jeung kaéndahan alam. Rasa anu aya dina rumpaka Tembang Sunda Cianjuran didominasi ku rasa nalangsa, kagagas, waas. Nada anu aya dina rumpaka Tembang Sunda Cianjuran nya éta ngageuing. Ari amanatna, lolobana ngélingan manusa sangkan dina nandangan kapeurih téh urang kudu salawasna muntang ka Pangéran. (2) Eusi rumpaka Tembang Sunda Cianjuran sacara umum nyaéta katugenah haté alatan paanggang jeung nu dipikacinta atawa nyeri haté alatan teu dipikacinta. Aya ogé rumpaka anu ngébréhkeun hubungan manusa jeung pangéran, kaéndahan alam, sarta sajarah. (3) Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran mibanda ajén étnopédagogik anu luhung, saperti *Prilaku Nyunda Tri-silas, Catur Jatidiri Insan, Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya), Moral Kamanusan*.

Kecap Galeuh : Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran, Struktur Dinamik, Etnopédagogik.

## **RUMPAKA TEMBANG SUNDA CIANJURAN (Kajian Struktural Dinamik dan Etnopedagogik)<sup>1)</sup>**

**Siti Maryam Maulida<sup>2)</sup>**

### **ABSTRAK**

*Tésis ini berjudul “Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran (Kajian Struktural Dinamik dan Étnopédagogik)”.<sup>1)</sup> Penelitian ini dilatarbelakangi oleh diperlukannya revitalisasi pendidikan melalui kearifan budaya lokal, kualitas Tembang Sunda Cianjuran sebagai salah satu wujud budaya lokal Cianjur yang tidak diragukan baik secara éstétis maupun filosofis, menurunnya éksisténsi Tembang Sunda Cianjuran di kalangan masyarakat, dan berubahnya fungsi tembang Sunda Cianjuran dari yang bersipat sakral menjadi hiburan. Penelitian ini bertujuan mendeskripsikan struktur teks Tembang Sunda Cianjuran, interprétasi isi teks Tembang Sunda Cianjuran, dan nilai etnopedagogik teks Tembang Sunda Cianjuran. Sumber data dalam penelitian ini adalah 30 teks tembang yang diperoleh dari hasil studi dokumentasi, wawancara dan mendengarkan kaset. Metode yang digunakan dalam penelitian ini adalah metode deskriptif. Instrumen yang digunakan dalam penelitian ini adalah pedoman wawancara, pedoman inventaris, dan kartu data. Dari hasil penelitian dapat disimpulkan bahwa (1) teks Tembang Sunda Cianjuran terdiri dari teks yang berbentuk pupuh dan teks yang tidak berbentuk pupuh. Imaji yang paling banyak ditemukan yaitu imaji taktil. Tema yang terdapat dalam teks Tembang Sunda Cianjuran terdiri dari cinta, agama, sejarah, dan keindahan alam. Rasa yang terdapat dalam teks Tembang Sunda Cianjuran didominasi oléh perasaan sedih. Nada yang terdapat dalam teks Tembang Sunda Cianjuran yaitu mengingatkan. Amanat dari teks Tembang Sunda Cianjuran secara umum mengingatkan manusia agar mengingat Tuhan dalam keadaan apapun, bersyukur terhadap segala yang diberikan Tuhan; (2) Isi teks Tembang Sunda Cianjuran didominasi oleh éksprési perasaan yang tersakiti karena perpisahan dan cinta bertepuk sebelah tangan, selain itu isi teks Tembang Sunda Cianjuran juga menjelaskan mengenai hubungan manusia dengan Tuhan, alam, dan dengan manusia lainnya; (3) Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran mengandung nilai etnopedagogi seperti Prilaku Nyunda Tri-silas, Catur Jatidiri Insan, Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya), Moral Kamanusan .*

*Kata Kunci: Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran, Struktur Dinamik, Etnopedagogik.*

**TEMBANG SUNDA CIANJURANS' LYRIC**  
(Study of Dynamic Structure and Ethnopedagogic)

**ABSTRACT**

*The title of this research is "Tembang Sunda Cianjurans' Lyric (Study of Dynamic Structure and Ethnopedagogic). The research was motivated by educational revitalizations' needs through local wisdom, quality of Tembang Sunda Cianjuran as one of Cianjur local culture that contains esthetic and philosophy, the decline of existence of Tembang Sunda Cianjuran in Sundanese community and the changing function of Tembang Sunda Cianjuran itself from sacred function into entertaining function. The purposes of this research are to describe the structure of the Tembang Sunda Cianjurans' lyric, and interpreting ethnopedagogic value of Tembang Sunda Cianjurans' lyrics. The sources of this research are 30 lyrics of tembang (song), obtained from results of study of documentaries, the interviews, and from the cassettes. The method used in this research is descriptive method. The instrument that used in this research are guidance of interview, guidance of inventory, and card of data. From this research, it can be concluded that (1) Tembang Sunda Cianjurans' lyrics consisted of lyrics in pupuh form and non-pupuh form. The most available image is tactile image. The themes that exist in Tembang Sunda Cianjurans' lyrics consist of love, religion, history, and beauty of nature. The feeling that include in Tembang Sunda Cianjurans' lyrics is dominated by sadness feeling. The tone that exist in Tembang Sunda Cianjurans' lyrics mostly about reminder for humans to remember God in every situations, being grateful, from all Gods' gift (2) Content of Tembang Sunda Cianjuran is dominated by hard feeling of farewell, and unanswered love. Moreover the content of Tembang Sunda Cianjurans' lyrics also explains about relationship between human with God, nature, and other humans, (3) Tembang Sunda Cianjurans' lyrics contain the ethnopedagogic values such as Prilaku Nyunda Tri-Silas, Catur Jatidiri Insan, Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya), and moral of humanism values.*

*Keywords: Tembang Sunda Cianjurans' Lyric, Dynamic Structure, Ethnopedagogic.*